

# Kisa Ou Dwe Konnen Sou Aksè Imigran Genyen pou Fè Lisans Chofè ak Pyès Idantite nan Indiana, Lwa House Enrolled 1050, ak Pwosè St-Hilaire.

Dènye mezajou: 27 septanm 2023

Nan Indiana, gen yon lisans chofè oswa yon kat idantifikasyon leta se yon nesosite. Pifò rezidan Indiana yo depann sou kondi pou jwenn ak kenbe yon travay, fè makèt, mennen pitit yo lekòl, ale legliz, ale nan randevou doktè, jwenn lojman, epi angaje pi plis nan kominote yo. Yo souvan bezwen pyès idantite leta pou aplike pou travay, louvri yon kont labank, lwe yon apatman, epi achte yon machin.

## Kiyès ki kalifye pou lisans chofè ak pyès idantite nan Indiana?

Dapre lwa Indiana, se pa tout imigran ki gen aksè ak dokiman esansyèl sa yo. San yon lisans oswa yon pyès idantite, yo bezwen sèvi ak paspò yo oswa pyès idantite etranje yo, konte sou zanmi ak fanmi yo pou deplasman, oswa kondi san lisans ak risk pou yo arete yo. Rezilta sa yo lakòz laperèz nan kominote a epi poze pwoblèm pou sekirite piblik la.

## Lwa House Enrolled 1050<sup>1</sup>

Nan mwa me 2023, Indiana te vote yon lwa ki rele House Enrolled Act 1050 (H.E.A. 1050). H.E.A. 1050 elaji kalifikasyon lisans chofè ak pyès idantite pou imigran yo akòde libète kondisyonèl pou rezon imanitè (humanitarian parole)<sup>2</sup> —*men se sèlman pou*

*sèten Ikrenyen ki benefisyè pwogram sa a.* Lwa sa a pa t valab pou benefisyè ki soti nan lòt peyi. Apre yo te vote HEA 1050 la, Biwo Veyikil A Motè nan Indiana (Indiana Bureau of Motor Vehicles, BMV) te pibliye règleman pou aplike lwa sa a. Biwo BMV yo te apwouve benefisyè Ikrenyen pou lisans ak pyès idantite, men yo te refize benefisyè ki soti nan lòt peyi, tankou Kiba, Ayiti, Nikaragwa, ak Venezyela.<sup>3</sup>

Tretman preferansyèl sa a pa bon epi li ilegal. Lalwa Etazini garanti tout moun, kèlkeswa peyi orijin oswa ras yo, pwoteksyon egal dapre lalwa epi entèdi eta yo fè diskriminasyon kont moun sou baz rezon ki pwoteje sa yo. Eta yo pa kapab fè pwòp klasifikasyon imigrasyon yo pou yo fè diskriminasyon ant gwoup imigran yo.

1. <https://iga.in.gov/legislative/2023/bills/house/1050/details>

2. Libète kondisyonèl pou rezon imanitè se yon fòm pèmasyon ka pa ka pou antre tanporèman Ozetazini pou avantaj piblik enpòtan oswa rezon imanitè ijan. 8 U.S.C. § 1182(d)(5).

3. Benefisyè Afganestan yo kalifye pou lisans chofè ak pyès idantite ki konfòm ak VRÈ PYÈS IDANTITE (REAL ID) yo dapre lalwa federal.

# Korije Erè sa a: *St-Hilaire* v. *Komisè BMV Indiana*

Nan mwa out 2023, ACLU nan Indiana ak Sant Nasyonal sou Lwa Imigrasyon (National Immigration Law Center, NILC) te depoze yon pwochè nan tribinal federal sou non senk (5) manm kominote ayisyen an pou konteste HEA 1050 lan.<sup>4</sup> Pleyan yo diskite pou di lwa a pa konstitisyonèl epi li vyole dwa sivil yo. Yo te mande tribinal la pou entèdi BMV a sispann refize fè lisans pou rezidan Indiana ki soti nan lòt peyi ki pa Ikrèn ki te benefisye pwogram imanité a pou vini Ozetazini. Objektif pwochè *St-Hilaire* la se pou asire benefisyè ki gen libète kondisyonèl pou rezon imanité ki soti nan tout peyi yo gen aksè egal ak menm dokiman esansyèl sa yo.

**Gen yon odyans piblik ki pwograme pou 17 novanm 2023, 9AM, nan Palè Jistis Etazini an, 46 E. Ohio Street, Sal #344, Indianapolis, IN.**

## Patisipe

- ▶ Tanpri pataje enfòmasyon sa yo ak fanmi w, zanmi w, ak kominote w!
- ▶ Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwochè *St-Hilaire* la, tanpri ale sou [nilc.org/issues/drivers-licenses/st-hilaire](https://nilc.org/issues/drivers-licenses/st-hilaire)
- ▶ Pou jwenn plis resous konsènan aksè ak lisans chofè, tanpri ale sou [nilc.org/issues/drivers-licenses](https://nilc.org/issues/drivers-licenses)

Resous sa a se Chiraayu Gosrani, Legal Fellow nan NILC ki te prepare l. **Ou gen kesyon?** Tanpri kontakte NILC nan imèl nan [HEA1050@nilc.org](mailto:HEA1050@nilc.org) oswa rele liy jeneral NILC a nan 213-639-3900

## Èske yo te akòde w libète kondisyonèl pou rezon imanité nan yon peyi ki pa Ikrèn oswa Afganistan?

Aktyèlman la a ou pa kalifye pou yon lisans oswa yon pyès idantite nan Indiana. Sepandan, ou ka yon manm nan gwoup yo ka reprezante ak defann dwa yo nan pwochè *St-Hilaire* la. Jwenn plis enfòmasyon sou dosye a nan [nilc.org/issues/drivers-licenses](https://nilc.org/issues/drivers-licenses).

## Èske w se yon imigran Ikrènyen yo te akòde libète kondisyonèl pou rezon imanité?

Dapre H.E.A. 1050, ou ka kalifye pou yon lisans oswa yon pyès idantite nan Indiana toudepann lè w te benefisye pwogram imanité a pou vini Ozetazini.

- ▶ **Ou te vini Ozetazini nan pwogram nan ant 24 fevriye 2022, ak 30 septanm 2023?** Ou ka kalifye si libète kondisyonèl pou rezon imanité a pa ekspire, epi si ou ranpli lòt kondisyon pou yon lisans chofè oswa yon idantite.
- ▶ **Ou te vini Ozetazini nan pwogram nan apre 30 septanm 2023?** Ou ka kalifye sèlman si ou paran, responsab legal, moun k ap bay swen prensipal, mari oswa madanm, oswa pitit yon moun ki te vini Ozetazini nan pwogram nan anvan 30 septanm 2023. Libète kondisyonèl pou rezon imanité a pa dwe ekspire, epi ou dwe ranpli lòt kondisyon pou yon lisans chofè oswa yon idantite.

**Chak sityasyon inik.** Sa a se enfòmasyon jeneral ki fèt pou rezon edikasyon. Li pa konsèy legal. Tanpri konsilte yon avoka ki gen lisans pou konsèy legal sou yon sityasyon oswa yon ka patikilye.

4. <https://www.nilc.org/wp-content/uploads/2023/10/01-Complaint.pdf>